

Ede nan Pran Desizyon

Ede nan Pran Desizyon (Supported Decision-Making, SDM) se yon fason ou ka jwenn èd pou ou pran desizyon sou lavi prive w, sante w, ak/oswa lajan w. Ou chwazi youn oswa plizyè moun ou fè konfyans pou vin **sipòtè w**. Sa a vle di, ou kapab chwazi ki moun ou vle oswa ou pa vle vin sipòtè w. Travay yon sipòtè se garanti ou genyen tout zouti ak enfòmasyon ou bezwen yo pou ou pran pwòp desizyon w. Akò pou sipò pou pran desizyon chak moun ka sanble diferan. Yo ekri akò sa yo pou eksplike sa ou vle.

Ki kote mwen ka itilize sipò sa a nan lavi m?

Tablo ki anba a montre egzanp sou fason ou ka itilize Sipò pou Pran Desizyon.

Lajan

Sipòtè w la ka ede w:

- Fè bidjè pou depans chak mwa ou yo
- Chwazi ki kantite lajan ki pou depanse
- Fè travay tankou louvri yon kont labank epi depoze yon deklarasyon taks

Swen Sante

Sipòtè w la ka ede w:

- Pran randevou epi ale nan randevou doktè
- Konprann fòm ak enfòmasyon medikal yo
- Chwazi yon plan tretman

Lekòl

Sipòtè w la ka ede w:

- Patisipe nan reyinyon IEP yo
- Jere travay lekòl yo
- Mande aranjman ak sèvis anplis

Lavi prive

Sipòtè w la ka ede w:

- Fikse objektif pèsònèl
- Planifye aktivite sosyal ak aktivite kominotè yo
- Planifye transpo

Lojman

Sipòtè w la ka ede w:

- Deside ki kote ou vle viv epi ak ki moun ou vle viv
- Vizite kay oswa apatman
- Konprann kontra lwave ak akò legal yo

Lavi apre lekòl segondè

Sipòtè w la ka ede w:

- Planifye pou inivèsite oswa lekòl pwofesyonèl
- Chwazi yon pakou pwofesyonèl
- Fikse objektif pwofesyonèl

Enfòmasyon anplis ak yon lis referans konplè ki disponib sou
<https://www.delawareautismnetwork.org/resources/supported-decision-making/>

Steinbrecher, A., Ferrara, N., Mallory, S., & Legal Support Choices Project Advisory Group (2025).

Ede nan pran desizyon. University of Delaware Center for Disabilities Studies.

Plis enfòmasyon sou Ede nan Pran Desizyon

Kiyès ki pran desizyon?

Si w itilize Ede nan Pran Desizyon, se ou ki pran desizyon an. Ou ka jwenn èd nan men moun ou fè konfyans nan lavi w, men se ou menm k ap pran tout dènye desizyon yo.

Èske yo mande yon odyans nan tribunal pou Ede nan Pran Desizyon?

Non, anjeneral yon odyans nan tribunal pa obligatwa lè w ap kreye yon akò sou Ede nan Pran Desizyon.

Èske ou ka chanje Ede nan Pran Desizyon? Si se wi, kiyès ki ka fè sa a?

Wi, ou kapab chanje Ede nan Pran Desizyon w lan nenpòt lè, alekri. Ou menm ak sipòtè w la (yo) ap bezwen siyen nouvo akò a epi mete dat sou li.

Ki kote mwen kapab ale pou m jwenn plis enfòmasyon sou Ede nan Pran Desizyon?

Ou gen chwa nan sa a ki gen pou wè avèk sipò jiridik lè ou gen 18 ane. Ede nan Pran Desizyon se yon chwa ki disponib nan Delaware. Lòt eta yo ka gen règ diferan oswa yo ka pa ofri menm chwa sipò jiridik ak Delaware.

Ale sou https://dhss.delaware.gov/dsaapd/supported_decision_making.html pou ou ka jwenn plis enfòmasyon sou Ede nan Pran Desizyon epi telechaje yon kopi Fòm Akò sou Ede nan Pran Desizyon an.

Se Konsèy Andikap Developman Delaware (Delaware Developmental Disabilities Council) ki finanse pwojè sa a avèk fon federal. Sa a pa vle di opinyon yo reprezante opinyon Konsèy la oswa Administrasyon an.

Enfòmasyon anplis ak yon lis referans konplè ki disponib sou

<https://www.delawareautismnetwork.org/resources/supported-decision-making/>

Steinbrecher, A., Ferrara, N., Mallory, S., & Legal Support Choices Project Advisory Group (2025). *Ede nan pran desizyon*. University of Delaware Center for Disabilities Studies.